



# Plis an Sekirite Lakay

Apati Dekrè Egzekitif Gouvènè Florid la Ron DeSantis

Depatman Sante Florid • FloridaHealthCovid19.gov



**Ansanm, nou ka fè yon efè sou pwopagasyon COVID-19 lan nan Florid.**

**Òdonans lan kòmanse a 12:01 a.m. nan vandredi 3 avril. Li rete an plas pandan 30 jou.**

## Yo konseye pou ou rete lakay ou, men ou ka kite kay ou pou:

- Jwenn sèvis medikal—sa gen ladan famasi oswa dantis ou.
- Pran swen yon moun ki nan nesosite.
- Bay oswa chèche swen pou bèt kay.
- Al fè gaz.
- Al achte pwovizyon manje.
- Pran manje a-anpòte nan yon restoran.
- Ale nan travay ke òdonans lan konsidere ki endispansab.
- Ale nan yon sèvis relijye.
- Patisipe nan lwazi deyò tankou mache, monte bisiklèt, randone, lapèch, lachas, kouri ak naje.

## Yo deklare biznis ak sèvis sa yo endispansab epi yo ka rete louvri ak fonksyone:

- Pwofesyonèl swen sante yo
- Magazen manje yo, founisè ak distribitè manje yo
- Biznis ki bay sèvis sosyal yo
- Founisè medya ak telekomunikasyon yo
- Bank ak enstitisyon finansye yo
- Magazen materyo yo
- Kontraktè ki bay sèvis pou kenbe sekirite, sanitasyon ak fonksyònman esansyèl pou kay ak estrikti yo
- Sèvis lapòs ak ekspedisyon yo
- Founisè lesiv
- Estasyon gaz yo
- Restoran ki bay manje a-anpòte yo
- Lekòl ki bay aprantisaj sou entènèt
- Founisè biwo yo
- Marina ak waf yo
- Transpò—konpayi avyon, tren, otobis, taksi, elatriye.
- Ponp finèb ak mòg yo
- Etablisman rezidans asiste yo
- Magazen zam yo
- Swen peyizaj ak pisin
- Gadri ki opere avèk gwoup 10 oswa mwens
- Magazen pou bèt kay ak sèvis veterinè yo
- Sèvis piblik yo
- Chantye konstriksyon yo
- Enstalasyon fabrikasyon yo
- Sèvis jesyon dechè yo



Andeyò kay ak nan travay, tout moun dwe pratike distans sosyal:  
**6 PYE ANT MOUN YO.**

Metè yon pwoteksyon figi an twal sou bouch ou ak nen ou.



Fè lekti òdonans konplè a: [FLGov.com/wp-content/uploads/orders/2020/EO\\_20-91.pdf](https://www.flgov.com/wp-content/uploads/orders/2020/EO_20-91.pdf)